

PROJET DE LOI PORTANT GESTION DU MERCURE AU BURUNDI | **INTEGURO Y'IBWIRIZWA RITUNGANYA IBIJANYE NA MERIKIRE MU BURUNDI**

EXPOSE DES MOTIFS

1. Contexte et justification

Le mercure est une substance très toxique qui représente une menace majeure à l'échelle mondiale pour la santé humaine, notamment sous la forme de méthyl mercure présent dans le poisson et les fruits de mer, les écosystèmes, la faune et la flore sauvages.

La plupart des émissions de mercure et des risques d'exposition connexes sont le résultat d'activités anthropiques, telles que l'utilisation de mercure dans des produits, l'extraction minière et la transformation artisanales et à petite échelle d'or, la combustion du charbon et la gestion des déchets de mercure. Une action est dès lors justifiée à l'échelon local, national, régional et international.

L'utilisation de mercure et de composés du mercure dans les procédés de fabrication devrait être progressivement abandonnée. A cet effet, il conviendrait d'encourager la recherche de produits de substitution présentant des caractéristiques sûres ou moins dangereuses pour l'environnement et pour la santé humaine.

Une part considérable des utilisations et des émissions à l'échelle mondiale correspond au mercure et aux composés du

INTUMBERO Y'IBWIRIZWA

1. Imvo n'imvano

Merikire ni ubumara bukaze cane bubangamiye rwose amagara y'abantu kw'isi yose, canecane merikire iri mu mero ya "méthyl" iri mu mafi no mu dukoko tuba mu mazi turibwa, mu bibanza mparirwabuzima, mu bikoko no mu bimera vyo mw'ishamba.

Vyinshi mu vyuka vya merikire n'impanuka bishobora gutera biva ku vyo abantu bakora, nk'ugukoresha merikire mu bihingurwa, mu gucukura ubutare no mu guhingura inzahabu hakoreshejwe ubuhinga bubayabaye ku rugero ruto, mu guturira amakara no mu gutunganya imyanda ya merikire. Ni co gituma hategerezwa kugira igikozwe ku rwego rwo hasi, rw'igihugu, rw'akarere na mpuzamakungu.

Mu guhingura, hategerezwa kuja harahabwa Ikoreshwa rya merikire n'ibigizwe na yo. Kubera ivyo, birakwiye ko hashirwa imbere ikoreshwa ry'ubuhinga bwizewe kandi bufise ingaruka nke ku bidukikije no kumagara y'abantu busubirira ubukoresha merikire.

Igice kinini c'ibikokereshwa hamwe n'ivyuka birekurwa kw'isi yose kigizwe na merikire hamwe n'ibigizwe na yo bikoreshwa mu

mercure utilisés aux fins de l'extraction minière et de la transformation artisanales et à petite échelle d'or, entraînant des effets négatifs tant pour les communautés locales qu'au niveau mondial. Aussi, convient-il d'interdire une telle utilisation du mercure et des composés du mercure afin de s'attaquer au problème de l'extraction minière et de la transformation artisanale et à petite échelle d'or utilisant l'amalgamation au mercure pour extraire l'or du minerai.

L'utilisation du mercure dans les amalgames dentaires représente également l'utilisation de mercure la plus importante et constitue une source significative de pollution. Il convient donc d'éliminer progressivement l'utilisation des amalgames dentaires, évaluer et rendre compte de la faisabilité d'un abandon progressif de leur utilisation d'ici 2025.

Seule l'utilisation d'amalgames dentaires sous forme encapsulée pré-dosée devrait être autorisée et l'utilisation de séparateurs d'amalgames dans des établissements de soins dentaires devrait être rendue obligatoire, afin de protéger les praticiens de l'art dentaire et leurs patients de l'exposition au mercure et de garantir que les déchets correspondants sont collectés et éliminés conformément à une gestion rationnelle des déchets et ne sont en aucun cas rejetés dans l'environnement.

ntumbero y'ugucukura ubutare no mu guhingura inzahabu hakoreshejwe ubuhinga bubayabaye kandi ku rugero ruto, bituma haba ingaruka mbi haba ku rwego rw'igihugu canke ku rwego mpuzamakungu. Birakenewe rero ko hobuzwa ikoreshwa rya merikire n'ibigizwe na merikire mu ntumbero yo kurwanya ingorane zijanye n'ugucukura ubutare no mu guhingura inzahabu hakoreshejwe ubuhinga bubayabaye kandi ku rugero ruto hakoreshejwe merikire isukiranye n'ibindi kugira hakurwemwo inzahabu.

Merikire isukiranye n'ibindi ikoreshwa mu kuvura amenyo iri mu bikoreshwa cane kandi ni yo ahanini itosekaza cane ibidukikije. Birakwiye rero ko haja harahebwa ikoreshwa rya merikire isukiranye n'ibindi mu kuvura amenyo, ugusuzuma no kuja harerekana ingene ikoreshwa rya merikire ryoja rirahebwa gushika mu mwaka wa 2025.

Merikire isukiranye n'ibindi itekeye yabanje gupimwa ikoreshwa mu kuvura amenyo ni yo yonyene yotegerezwa kwemerwa, vyongeye ibikoresho bivangura merikire isukiranye n'ibindi vyotegerejwe gukoreshwa mu bigo vyose bivura amenyo, mu ntumbero yo gukingira abakora umwuga wo kuvura amenyo n'abarwayi babitura ingaruka mbi za merikire no gukora ibishoboka vyose kugira imyanda iva kuri merikire yegeanywe yongere izimanganywe hisunzwe itunganywa ribereye ry'imyanda kandi ntihagire umwanda n'umwe wa merikire usubira gutabwa aho ari ho hose.

A cet égard, il convient d'interdire l'utilisation de mercure en vrac aux praticiens de l'art dentaire. Les capsules pour amalgames telles que décrites par les normes européennes EN ISO 13897 :2004 et EN ISO 24234 :2015 sont considérées comme étant adaptées à une utilisation par les praticiens de l'art dentaire. En outre, il convient de définir un niveau minimal d'efficacité de rétention pour les séparateurs d'amalgames. La conformité des séparateurs d'amalgames devrait être fondée sur des normes pertinentes.

Etant donné que le mercure est une substance très dangereuse sous forme liquide, il convient d'interdire le stockage permanent, sans traitement préalable, des déchets de mercure, en raison des risques qu'une telle élimination comporte.

C'est pourquoi il convient d'effectuer les opérations de conversion et, le cas échéant, de solidification appropriées des déchets de mercure avant tout stockage permanent. A cette fin et afin de réduire les risques connexes, il conviendrait de tenir compte des directives techniques de la Convention de Bâle sur le contrôle des mouvements transfrontaliers de déchets dangereux et de leur élimination.

Ainsi donc, l'objectif du projet de loi, à savoir garantir un niveau élevé de protection de la santé humaine et de l'environnement contre les émissions

Kubera ivyo, birakwiye ko abakora umwuga wo kuvura amenyo babuzwa gukoresha merikire iyo ari yo yose. Merikire isukiraniye n'ibindi itekeye nk'uko bitomorwa mu mategeko y'abanyaburaya ISO 13897:2004 na ISO 24234:2015 ifatwa ko ibereye gukoreshwa n'abakora umwuga wo kuvura amenyo. Vyongeye, birakenewe ko hatomorwa urugero ibikoresho bivangura merikire n'ivyo bisukiranye bishobora kuyungururako neza mu gutandukanya merikire n'ivyo bisukiranye. Mu kwemeza ko ibikoresho bivangura merikire n'ivyo bisukiranye bikwiye ibisabwa hotegerejwe kwisungwa amategeko avyerekeye.

Kubera ko merikire ari ubumara bubi cane mu gihe iri mu mero y'amazimazi, birakwiye ko habuzwa ko imyanda ya merikire iguma ibitswe, itabanje kuyungururwa, kubera izimanganywa ryayo rishobora gutera impanuka.

Ni co gituma ari nkenerwa guhindura imyanda ya merikire, n'iyi bikenewe, kuyishira mu mero igumye imbere y'uko iguma ibitswe. Kubera iyo mvo no kugira hagabanywe impanuka bijanye, vyari bikwiye ko hisungwa intumbero zijanye n'ubuhinga ziri mu Masezerano y'i Bâle zerekeye ugusuzuma ku mbibe z'ibihugu uruja n'uruza rw'imyanda ya merikire ibangamira amagara no kuyizimanganya.

Gutyo rero, intumbero y'iyi nteguro y'ibwirizwa yerekeye ugukingira cane amagara y'abantu hamwe n'ibidukikije ivyuka n'ibisigarira vya merikire biva mu vyo abantu bakora n'ibigizwe

rejets anthropiques de mercure et de composés du mercure ne peut pas être atteint de manière suffisante qu'en prenant des mesures efficaces, telles l'interdiction de l'importation et de l'exportation de mercure et de produits contenant du mercure ajouté, l'établissement de restrictions à l'utilisation de mercure dans les procédés de fabrication, dans les produits, dans l'extraction minière et dans la transformation artisanales et à petite échelle d'or et dans les amalgames dentaires ainsi que l'instauration d'obligations relatives aux déchets de mercure.

Par ailleurs, il y a lieu de prendre des mesures spécifiques de protection de la santé à titre préventif pour les personnes vulnérables, telles que les enfants et les femmes enceintes ou allaitantes.

Enfin, compte tenu des leçons tirées de la maladie de Minamata, en particulier les effets graves sur la santé et l'environnement résultant de la pollution par le mercure, ainsi que la nécessité d'assurer une gestion appropriée du mercure et d'empêcher que de tels événements ne se reproduisent à l'avenir, il importe de prévoir la mise en place d'une loi particulière qui puisse encadrer la gestion du mercure dans le pays en suivant tout son cycle de vie.

2. Structure

Le projet de loi comprend 7 chapitres recelant 26 ainsi que 2 annexes :

Le chapitre premier fait état des dispositions générales. Il a en son sein deux sections, l'une se

na merikire ntishobora gushikwako nk'uko bikwiye hatabanje gufatwa ingingo zibereye, nk'ukubuza kwinjiza mu gihugu no gushorera mu mahanga merikire n'ibihingurwa vyongewemwo merikire, ugushiraho ibibujijwe mw'ikoreshwa rya merikire mu guhingura, mu vyahinguwe, mu gucukura ubutare no mu guhingura inzahabu hakoreshejwe ubuhinga bubayabaye kandi ku rugero ruto no mu rusukirane rwa merikire rukoreshwa mu kuvura amenyo hamwe no gushiraho ibitegerejwe vyerekeye imyanda ya merikire.

Vyongeye, birashoboka ko hafatwa ingingo zerekeye ugukingira abantu babangamirwa gusumba abandi, nk'abana n'abagore bibungenze canke bonsa.

Mu gusozera, hafatiwe ku vyashitse bivuye ku ndwara yateye i Minamata, na canecane ingaruka zikomeye zabaye ku magara y'abantu n'ibidukikije vyatosekajwe na merikire, n'uko ari nkenerwa ko merikire itunganywa mu buryo bubereye n'uko ivyabaye bitosubira kuba muri kazoza, ni nkenerwa ko hashirwaho ibwirizwa ribigenga rishobora kwisungwa mw'itunganywa rya merikire mu gihugu ku ntambwe zose ziyerekeye.

2. Indinganizo

Iyi nteguro y'ibwirizwa igizwe n'ibice 7 birimwo ingingo 26 hamwe n'imperekeza 2:

Igice ca mbere cerekeye ingingo ngenderwako. Muri ico gice harimwo uduce 2, kamwe

rapportant à l'objet et aux définitions et l'autre aux principes régissant la gestion du mercure ;

Le deuxième chapitre parle des restrictions au commerce, à l'importation et à la réexportation de mercure, de composés du mercure, de mélanges à base de mercure et de produits contenant du mercure ajouté ;

Le chapitre III évoque des restrictions à l'utilisation et au stockage de mercure, de composés du mercure et de mélanges à base de mercure.

Il est composé de deux sections, l'une en rapport avec les restrictions à l'utilisation du mercure, de composés du mercure et de mélanges à base de mercure et l'autre en les restrictions au stockage de mercure, de composés du mercure et de mélanges à base de mercure ;

Le chapitre IV a trait à l'élimination des déchets de mercure et à la gestion des sites contaminés ;

Le chapitre V met en relief les dispositions particulières ;

Le chapitre VI s'appesantit sur les dispositions pénales ;

Enfin, le chapitre VII se rapporte aux dispositions transitoires et finales.

kerekeye intumbero n'insiguro akandi kerekeye ingingo zijanye n'itunganywa rya merikire.

Igice ca kabiri kivuga ibibujijwe mu rudandazwa, mu kwinjiza mu gihugu no mu gushorera mu mahanga merikire yaranguwe mu kindi gihugu, ibigizwe na merikire, ibisukiranjwe na merikire n'ivyahinguwe vyongewemwo merikire.

Igice ca III kivugwamwo ibibujijwe mw'ikoreshwa no mw'ishingurwa rya merikire, ibigizwe na merikire n'iry'ibisukiranjwe na merikire.

Ico gice kigizwe n'uduce tubiri, agace kamwe kerekeye ibibujijwe mw'ikoreshwa rya merikire, ibigizwe na merikire hamwe n'urusukirane rwa merikire, akandi na ko kavuga ibibujijwe mu gushingura merikire, ibigizwe na merikire hamwe n'urusukirane rwa merikire;

Igice ca IV cerekeye izimanganywa ry'imyanda ya merikire n'itunganywa ry'ibanza vyatosekaye;

Igice ca V cerekana ingingo zihariye;

Igice ca VI gitomora ingingo mpanavyaha;

Mu gusozera, igice ca VII cerekeye ingingo mfatakibanza n'izisozera.
